

Pa Prezidan
Thomas S. Monson



Viv yon lavi abondans

Nan kòmansman nouvèl ane a, mwen egzòte Sen Dènye Jou yo toupatou pou yo antreprann yon rechèch pèsònèl, dilijan, siyifikan pou sa m rele yon lavi abondans — yon lavi ranpli ak abondans siksè, bonte, ak benediksyon. Menmjan nou aprann ABC nan lekòl la, mwen ofri nou pwòp ABC pa mwen pou ede nou tout akeri lavi abondans la.

Gen yon atitid pozitif

A nan ABC m nan fè referans ak atitid. William James, yon pyonye psikològ ak filozòf Ameriken, te ekri: “Pi gwo revolisyon jenerasyon nou an se dekouvèt ke kretyen vivan yo kapab chanje aspè eksteryè lavi yo nan chanje atitid mantal lespri yo.”¹

Anpil bagay nan lavi depann de atitid nou. Fason nou chwazi pou n wè bagay yo ak reponn lòt moun afekte tout bagay. Fè pi byen nou kapab epi apresya chwazi pou n gen kè kontan nan sitiasyon nou yo, kèlkeswa sa yo kapab ye, yo kapab pote lapè ak kontantman.

Charles Swindoll — otè, edikatè, ak pastè Kretyen — te di: “Atitid, pou mwen, pi enpòtan pase lefase, . . . pase lajan, pase pozisyon, pase echèk, pase siksè, pase sa moun panse oswa di oswa fè. Li pi enpòtan pase aparans, aptitid, oswa talan. Li kapab bati oswa kraze yon konpayi, yon legliz, yon fwaye. Bagay ki enteresan an sèke nou ka chwazi chak jou

ki atitid n ap genyen pou jounen an.”²

Nou pa ka dirije van an, men nou ka ajiste vwal yo. Pou bonè, lapè, ak kontantman maksimòm, annou *chwazi* yon atitid pozitif.

Kwè nan tèt nou

B vledi kwè — nan tèt nou, nan moun bò kote nou, ak nan prensip etènèl yo.

Se pou nou onèt avèk tèt nou, avèk lòt moun, epi avèk Papa nou ki nan Syèl la. Yon moun ki pa t onèt avèk Bondye jiskaskè l te twò ta sete Kadinal Wolsey ki, selon Shakespeare, te pase yon lavi long nan sèvis twa fanmi wayal epi ki te gen richès ak pouvwa. Finalman, yon wa enpasyon te retire tout pouvwa li ak posèsyon li nan men l. Kadinal Wolsey te kriye:

*Si sèlman m te sèvi Bondye m nan avèk mwaye zèl
M te sèvi wa m nan, li pa t ap janm, nan laj mwen
kite m toutouni devan enmi m yo.*³

Thomas Fuller, yon kwayan ak istòryen Anglè ki te viv nan 17tyèm syèk la, te ekri verite sa a: “Moun ki pa viv selon kwayans li pa reyèlman kwè”⁴

Pa limite tèt nou e pa kite lòt moun konvenk nou ke nou limite nan sa nou kapab fè. Kwè nan tèt nou epi apresya viv yon fason pou nou rive atenn potansyèl nou.

Nou kapab akonpli sa nou kwè nou kapab. Gen konfyans epi kwè epi gen lafwa.

Fè fas ak difikilte yo avèk kouraj

Kouraj vin tounen yon vèti enteresan ak enpòtan lè nou konsidere l non pa kòm yon dispozisyon pou mouri kourajezman men kòm yon detèminasyon pou viv desaman.

Jounalis ak powèt Ameriken an, Ralph Waldo Emerson te di: “Kèlkeswa sa n ap fè, nou bezwen kouraj. Kèlkeswa wout nou deside pran, toujou gen yon moun k ap di nou ke nou gen tò. Toujou gen difikilte k ap leve pou tante nou pou n kwè ke moun k ap kritike nou yo gen rezon. Pou drese yon plan aksyon epi suiv li rive nan fen sa mande menm kalite kouraj yon sòlda bezwen. Lapè gen viktwa li, men sa mande gason ak fi brav pou gen viktwa sa yo.”⁵

Ap gen moman kote n ap santi nou pè ak dekouraje. Nou gen dwa santi ke nou pèdi batay la. Chans pou pòte laviktwa yo kapab parèt ireyalis. Pafwa nou kapab santi nou tankou David k ap eseye goumen avèk Golyat. Men sonje — David *te pote laviktwa!*

Sa mande kouraj pou yon moun fè yon premye vanse vè yon objektif dezire, men sa mande pi plis kouraj toujou lè yon moun bite epi l oblije fè yon dezyèm efò pou atenn bi a.

Se pou nou gen detèminasyon pou fè efò a, konsistans pou travay pou atenn yon bi louwab la, ak kouraj pou non sèlman fè fas ak difikilte k ap vini inevitableman yo men tou pou fè dezyèm efò a, si gen bezwen. “Pafwa kouraj se ti vwa sa a nan fen jounen an ki di nou, ‘M pral eseye ankò demen.’”⁶

Se pou nou sonje ABC sa yo pandan n ap kòmanse vwayaj nou antre nan nouvel ane a, pandan n ap kiltive yon atitud pozitif, yon konviksyon ke nou kapab atenn bi ak rezolisyon nou yo, ak kouraj pou nou fè fas ak kèlkeswa pwoblèm nou ka jwenn. Lè sa a, n ap gen lavi abondans la.

NÒT

1. William James, nan Lloyd Albert Johnson, comp., *A Toolbox for Humanity: More Than 9000 Years of Thought* (2003), 127.
2. Charles Swindoll, nan Daniel H. Johnston, *Lessons for Living* (2001), 29.
3. William Shakespeare, *King Henry the Eighth*, act 3, scene 2, lines 456–58.
4. Thomas Fuller, nan H. L. Mencken, ed., *A New Dictionary of Quotations* (1942), 96.
5. Ralph Waldo Emerson, nan Roy B. Zuck, *The Speaker's Quote Book* (2009), 113.
6. Mary Anne Radmacher, *Courage Doesn't Always Roar* (2009).

ANSÈYMAN APATI MESAJ SA A

Panse pou envite manm fanmi yo pou pataje eksperyans pèsònèl kote yon atitud pozitif, kwayans nan tèt yo, oswa kouraj te ede yo. Oubyen envite yo pou yo jwenn egzanp sou twa prensip sa yo nan ekriti yo. Ou gen dwa prepare pou anseye nan panse ak ekriti yo ak eksperyans pa ou, nan yon espri lapriyè.

JÈN YO

Kouraj pou reziste anba tanpèt la

Pa Maddison Morley

Nan dezyèm nuit nan kan pou Jènfi yo nan pye m nan, nou te gen yon gwo loraj ak tanpèt. Pawas mwen an te gen apeprè 24 jènfi ki te nan kan an avèk de dirijant, e nou tout te oblije antre nan youn nan ti kabin yo pou pwoteksyon. Lapli a t ap tonbe anpil, epi van an te kòmanse vin pi fò. San rete, m te oblije ap raple tèt mwen priyè pou sekirite a prezidan pye nou an te fè anvan an. Pawas nou an te fè pwòp priyè angwoup pa nou nan kabin nou an, e m te fè priyè pèsònèl mwen.

Anpil nan jènfi yo te pè, e li te fasil pou wè poukisa. Kabin nou an pa t twò solid, epi nou te bò kote yon larivyè. Nan apeprè 20 minit, tanpèt la te vin si fò ke tout pye a te kouri soti nan kabin pawas yo a pou ale nan kabin konseye yo, ki te sou yon teren pi solid. Prezidan pye m nan te fè yon lòt priyè, epi nou te chante kantik, chan Primè, ak chan kan yo nan yon efò pou rekonfòte nou. Wi, nou te pè, men nou te santi ke tout bagay t ap oke. Yon demi èdtan apre, sa te oke pou n te retounen nan kabin pawas nou yo.

Nan apre nou te vin konnen sa k te rive nan tanpèt la nuit sa a. Li te divize an de loraj. Youn nan yo te antoure nou adwat epi lòt la agoch. Sa nou te sibi a se pa t menm pati k te pi fò a!

Mwen konnen ke Bondye te tande priyè nou yo jou swa sa a epi li te pwoteje nou nan mitan moman pi terib yo nan tanpèt la. Poukisa yon tanpèt ta separe ande si se pa Bondye ki te bezwen sa fèt konsa? Mwen konnen ke nan tanpèt lavi yo, nou kapab toujou priye Papa nou ki nan Syèl la epi l ap tande ak reponn nou, pou ba nou kouraj ak pwoteksyon nou bezwen pou travèse l an sekirite.

TIMOUN YO

Kapitèn Mowoni

Kapitèn Mowoni te gen kouraj pou l te fè fas ak diffikilte yo. Li te renmen laverite, libète, ak lafwa. Li te dedye lavi li nan ede Nefit yo prezève libète yo. Menmjan ak Kapitèn Mowoni, nou kapab fè fas

ak pwoblèm yo avèk kouraj. Nou ka menm fè pwòp etanda libète pa nou, kote n ap ekri bagay ki enpòtan pou nou ak pou fanmi nou yo sou yon moso papye.

Ki kote nou ka aprann pi plis sou sa

Alma 46:11–27: Etanda libète a

Alma 48:11–13: Kalite Mowoni



Lafwa • Fanmi • Sekou

Pran swen ak administre pa mwayen vizit nan fwaye

Etidye materyèl sa a epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede ou fòtifye sè w ap vizite yo ak pou fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou.

President Henry B. Eyring, Premye Konseye nan Premye Prezidans lan, te anseye: “Charite [vle di] plis pase yon santiman byen-veyans.” “Charite soti nan lafwa nan Senyè Jezikzi e li se yon efè Ekspyasyon li a.”¹ Pou sè Sosyete Sekou yo, vizit nan fwaye kapab se charite an aksyon, yon mwayen enpòtan pou egzèsè lafwa nou nan Sovè a.

Pa mwayen vizit nan fwaye, nou bay swen nan kontakte chak sè, pou pataje yon mesaj levanjil, ak chèche konnen bezwen li ak bezwen fanmi li. Julie B. Beck, Prezidan Jeneral Sosyete Sekou, eksplike: “Vizit nan fwaye vin tou-nen travay Senyè a lè nou konsantre nou sou moun yo olye de pousantaj yo.” “An reyalyte, vizit nan fwaye pa janm fini. Li se plis yon fason nou viv pase yon tach. Sèvi fidèlman kòm enstriktis nan fwaye se prè ke nou se disip.”²

Si nou bay swen konstan nan espri lapriyè, n ap aprann kijan nou ka pi byen administre ak reponn ak bezwen chak sè ak fanmi li. Administre kapab vini sou plizyè fòm — kèk gwo e kèk ki pa si gwo. Prezidan Thomas S. Monson te anseye: “Souvan, ti senp zak sèvis se tout sa ki bezwen pou edifye ak beni yon lòt moun. Yon kesyon sou fanmi yon moun, brèf pawòl ankourajman, yon konpliman sensè,

yon ti mo remèsiman, yon brèf apèl telefòn.” “Si nou obsèvatè ak sansib, e si nou suiv enspirasyon nou resevwa yo, nou kapab fè anpil byen. . . . Anpil anpil zak sèvis akonpli pa gwo lame enstriktis nan fwaye Sosyete Sekou yo.”³

Apati istwa nou

An 1843, manm Legliz nan Novou yo nan Ilinwa te divize an kat pawas. An Jiyè menm ane a, dirijant Sosyete Sekou yo te aple yon komite pou vizit konpoze pa kat sè pou chak pawas. Responsablite komite yo te gen ladan yo evalyasyon bezwen yo ak ranmase don. Sosyete Sekou te itilize don sa yo pou okipe moun ki te nan bezwen yo.⁴

Menmsi enstriktis nan fwaye yo pa mache ranmase don ankò, yo toujou gen responsablite pou evalye bezwen — espiyèl ak tanporèl — ak pou travay pou satisfè bezwen sa yo. Eliza R. Snow (1804–87), dezyèm prezidan jeneral Sosyete Sekou, te eksplike: “Yon enstriktis . . . ta dwe sitèlman gen Lespri Senyè a avèk li, ke lè l ap antre nan yon kay li ta dwe santi lespri ki andedan kay la. . . . Priye Bondye e mande Sentespri a pou nou kapab gen [Lespri a] a pou nou kapab rekonèt lespri ki andedan kay sa a . . . e nou kapab santi pou nou pale pawòl lapè ak rekonfò, e si nou wè yon sè ki santi

l frèt, pran l nan kè nou jan nou t ap pran yon timoun piti sou kè nou pou rechofe [li].”⁵

NÒT

1. Henry B. Eyring, “The Enduring Legacy of Relief Society,” *Liahona*, Nov. 2009, 121.
2. Julie B. Beck, “Relief Society: A Sacred Work,” *Liahona*, Nov. 2009, 114.
3. Thomas S. Monson, “Three Goals to Guide You,” *Liahona*, Nov. 2007, 120–21.
4. *Gade Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 105.
5. Eliza R. Snow, nan *Daughters in My Kingdom*, 108.

Apati ekriti yo

Jan 13:15, 34–35; 21:15;
Mozya 2:17; Doktrin ak Alyans 81:5;
Moyiz 1:39

Kisa m ka fè?

1. Kisa m ap fè pou ede sè m yo santi ke mwen se yon zanmi ki renmen yo e ki sousye pou yo?
2. Kijan m ka pi byen veye sou lòt moun ak pran swen yo?

Pou plis infòmasyon, ale nan www.reliefsociety.lds.org.